

Komite Skolè
Vil Boston

Memorandòm Akò
Egzijans Verifikasyon Vaksinasyon Anplwaye Vil Boston

Boston Teachers Union
(Sendika Pwofesè Boston)

15 fevriye, 2022

Kèk Pwen Enpòtan

- BPS ap mentni benefis konje COVID yo ki sot nan akò a, OSIJÈ : Sante ak Byenèt pou Ane skolè 2021-2022.
- Pati yo dakò ke tout nouvo anplwaye ap vaksinen.
- BTU (Sendika Pwofesè Boston an) ap retire plent li te depoze nan Depatman Relasyon Travay la.
- Pati yo dakò sou egzijans yo pou anplwaye sila yo ki pa verifye, pou chak Ogmantasyon viris COVID la, jan sa pale nan 4yèm dypozitif la.
- BPS dakò pou l pa pini anplwaye yo sou baz estati vaksinasyon yo.
- BPS dakò pou l pèmèt manm BTU ki te demisyone, oswa ki te pran retrèt akòz estati vaksinasyon yo, retounen nan pòs yo pa pi ta ke 15 mas, 2022, si toutfwa pòs yo pa deja ranpli.
- BPS dakò pou l pa enpleman te m akò a pandan ke gen yon poz an plas nan ka Vil Boston ki devan Tribinal Apèl la (Tribinal Kontestasyon an) (Docket #: 2022-j-0031).
- Manm BTU ki te prezan nan reyinyon apatenans Sendika a ki te reyini 10 fevriye, 2022, te vote an fòs an favè akò pwovizwa sa a.

Divès Faktè pou Detèmine Estati Ogmantasyon an

Twa Faktè (ki baze sou yon mwayèn mobil 7 jou) :

- Kapasite lopital nou yo pou yo kapab pran swen moun ki gen maladi sevè, kèlkeswa tip maladi a. Metrik (Mezi) yo itilize pou faktè sa a rele « Okipasyon Inite Swen Entansif (“ICU Occupancy”), ki se pousantaj kabann ki okipe nan Inite Swen Entansif Boston yo.
- Severite COVID-19. Metrik pou faktè sa a rele « Ospitalizasyon Pa Jou » (“Hospitalizations Per Day”), ki se mwayèn kantite ka kotidyen pasyan adilt ki gen COVID-19 nan lopital Boston yo.
- Estimasyon pwopagasyon maladi nan Boston. Metrik pou faktè sa a rele «To Pozitivite» (“Positivity Rate”), ki se kantite moun ki teste pozitif pou COVID-19, divize pa total kantite moun nan kominote a ki teste.

Nivo Ogmantasyon yo

Zòn Wouj

- **Okipasyon Inite Swen Entansif yo (ICU) $\geq 95\%$**
- **Ospitalizasyon Pa Jou ≥ 200**
- **To Pozitivite Kominote a $\geq 5\%$**
- **Anplwaye ki pa verifye dwe soumèt prèv vaksinasyon, oubyen n ap mete yo an konje san peye.**
- **Anplwaye ki pa verifye yo ka chwazi itilize pwòp jou maladi akimile yo, ke n ap peye a yo 40% pandan yo an konje**

Zòn Jòn

- **Toule twa metrik yo arive tonbe pi ba pase nivo sa yo ki dekri nan kategori wouj la.**
- **Anplwaye ki pa verifye dwe soumèt prèv de (2) tès COVID negatif chak semèn.**

Zòn Vèt

- **Lòd Komisyon Sante Piblik Boston (BPHC) an ki egzije pou moun kouvri figi yo nan kèk espas enteryè a anile.**
- **Anplwaye ki pa vaksinen p ap pran okenn mezi.**

Deklarasyon Enpak Ekite

- **Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak**
 - Regleman Verifikasyon Vaksen Vil Boston an anvizaje atenn yon mendèv ki konplètman vaksinen pou byen asire pwoteksyon manm pèsònèl, elèv, ak fanmi distri a pandan pandemi a.
 - Mentni yon ekip edikatè nan Lekòl Piblik Boston ki divèsifye parapò a ras, etandone ke pifò anplwaye ki pa vaksinen yo se anplwaye koulè yo ye.

- **Amoni avèk Plan Stratejik la**
 - Anboche e kenbe yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal, etnik, e lengwistik elèv ak fanmi nou sèvi yo ;
 - Devlope kapasite pou n abòde pwoblèm sante ak pwoblèm sosyal ki kontribye a mankman nan opòtinite yo,
 - Fè tout lekòl yon espas pwoteje pou tout elèv Lekòl Piblik Boston, kote ke y ap ofri yo sipò ak pwoteksyon yo bezwen pou yo aprann, grandi, e evolye.
 - Ogmante transparans ak kontrandi nan fason nou founi divès zouti done, tablodbò, ak rapòtaj piblik.

- **Analiz Done yo**
 - Vil la arive analize, avèk konstans, divès done ki anrapò avèk okipasyon inite swen entansif yo (ICU), to ospitalizasyon yo, ak to pozitivite nan kominote a. Done sa yo te rann posib etablisman metrik sila yo k ap gide priz desizyon vil la parapò a zòn kote viris la ap ogmante.

- **Angajman Pati Enterese yo**
 - Pwopozisyon sa a sot nan negosyasyon ki te fèt ant ekip Majistra Wu a ak lidè Sendika Pwofesè Boston yo (BTU), ansanm ak divès sendika sekirite piblik vil la.

Deklarasyon Enpak Ekite

- **Strateji Ekite Rasyal yo**
 - Pwopozisyon sa a ap rezoud pwoblèm depa dispwopòsyone anplwaye koulè Lekòl Piblik Boston yo, pandan l ap pwoteje an menm tan manm pèsònèl nou yo, elèv nou yo, ak fanmi nou yo kont wo pwobalite enfeksyon nan men anplwaye ki pa vaksinen pandan divès peryòd ogmantasyon viris la.
- **Bidjè ak Enplemantasyon**
 - Pwobableman ap gen yon enpak sou bidjè a akòz nesesite pou n founi ranplasan pou kouvri chif manm sendika BTU yo ki an konje akòz estati vaksinasyon yo.
 - Ekip enplemantasyon prensipal la konpoze de Komisyon Sante Piblik Boston an (k ap suiv ogmantasyon viris la), Biwo Kapital Imen an (k ap suiv konfòmite epi k ap asire kouvèti) ak lidè lekòl yo (k ap ranfòse afè konfòmite e pran swen bezwen aprantisaj elèv yo ak divès lòt bezwen.)
 - Depatman sa yo ap pote yon pwennvi ekite nan efò y ap deplwaye.
- **Kontrandi ak Kominikasyon**
 - Pandan distri a ap enplemanje memorandòm akò a, Biwo Kapital Imen an ap responsab pou metrik kle suivan yo :
 - Pandemi a
 - Enpak sou manm pèsònèl yo
 - Enpak sou kominote skolè yo

Divès Opsyon Komite Skolè a

1. Vote pou apwouve memorandòm akò a epi Lekòl Piblik Boston ap avanse pou l prepare pou enplemantasyon an. Epitou Lekòl Piblik Boston ap kòmanse eksplòre angouman ki egziste pou yon akò parèy avèk rès inite negosyasyon kolektif nou yo.
1. Rejte memorandòm akò a epi pati yo ap retounen sou tab negosyasyon an ankò.